

Senkyèm Leson

Jean Erich René

Samdi 19 Jiyè

4.- Pwonon ak adjektif

4.1.- Pwonon pèsònèl

Yon pwonon pèsònèl se yon mo ki ranplase moun kap pale ya ou byen moun ou byen bagay wap pale de li ya.

Men pwonon pèsònèl yo :

Mwen

Ou

Li

Nou

Yo

Ou gen dwa mete yo avan ou apre vèb la:

a) Anvan vèb la :

Lè wou mete pwonom pèsònèl la avan vèb la se sijè li ye

Mwen : Mwen sèkle

Wou : Wou plante

Li : Li wouze

Nou : Nou rekòlte

Yo : Yo vann

b) Apre vèb la :

Lè wou mete pwonom pèsònèl la apre vèb la se konpleman li ye

Mwen : Kilès ki tap chèche mwen

Wou: Sò Nana te pale wou

Li: Sonya pat vle koute li

Nou : Oreli pa tandè nou

Yo: Pa okipe yo

4.2.- Nou gen dwa ratresi pwonon pèsònèl : mwen, wou, li, nou,

- Lè nap ratresi pwonon pèsònèl yo, nou sèvi ak apostwòf pou pwonon sijè yo, sètadi ki vini anvan vèb la tankou :

mwen = m'

m' sèkle, m' plante, m' rouze, m' lave, m' fè manje, m' pa kapab ankò, m' bouke

Wou = w'

W'al kay madan Masèl, w'al pote tripotay ale , w'al di men sam te di.

Li = l'

Li pala l'al travay.

- M', w', l' se mo tankou lòt mo. Fòk nou kite yon ti espas anvan nou kòmanse ekri mo ki vini apre ya

4.3- Nou sèvi ak ti tirè, pou makònen yon mo ak pwonon konpleman ratresi ki swiv li yo tankou :

Apre vèb la : Mwen = -m

Touye-m, rache-m, filange-m, ban-m kreyòl

Apre vèb la Wou = -w

Sò Nana te palew

Apre vèb la : Li = -l

Sonya pat vle koute-l

Apre vèb la : Nou = -n

Oreli pa tanden

4.3.- Nou kapab sèvi ak ti tirè, pou makònen yon mo ak adjektif posesif ki swiv li ya tankou:

Pa mwen = pam

Pa wou = paw

Pa li = pal

Pan ou = pan

Radyo Nasyonal se pa-m, se pa-w, se pa-l , se pa-n, se pou nou tout li ye

4.4.-Nou kapab sèvi ak ti tirè, pou makònen yon mo ak yon lòt ki swiv li, tankou :

- fi ya manke bat mwen

- nègla banm kont mantil

- mouche ya bwote lan nwit lale, li vòlò tout afèm

- fanm nan, se yon manman vòlèz."

- papal se yon bon gason

- pitit mwen se gran moun mwen ye , fòk ou koutem

4.4.-Aksan

Nou sèvi ak aksan pou fè :

e tounen è (e aksan grav) : tèt nèg

o tounen ò : (ò aksan grav) tòkmòl

a san aksan devan 'n' prononse menm jan ak: akasan, move tan, brigan

à aksan grav devan 'n' prononse menm jan ak : talatàn, pan kawoutchou

aksan sikonflèks devan 'n' prononse menm jan ak: kwân kochon, tann rad,
machann

4.4.- Lan kreyòl kò tout vèb rèd, sètadi vèb pa jamè chanje se pwonon
pèsonèl ki devan-l lan ki change :

An nou konjige vèb: pale

Mwen pale

Ou pale

Li pale

Nou pale

Yo pale

An nou konjige vèb : tande

Mwen tande

Ou tande

Li tande

Nou tande

Yo tande

Vèb manti

Mwen manti

Ou manti

Li manti

Nou manti

Yo manti

Vèb chita

Mwen chita

Ou chita

Li chita

Nou chita

Yo chita

Vèb revoke

Mwen revoke

Ou revoke

Li revoke

Nou revoke

Yo revoke

4.5.- Pou dedi saw te di ou mete Pa Ka devan vèb la

An nou konjige vèb tounen

Mwen pa ka tounen

Wou pa ka tounen

Li pa ka tounen

Nou pa ka tounen

Yo pa ka tounen

An nou konjige vèb chire

Mwen chire

Wou chire

Li chire

Nou chire

Yo chire, Yo pa lan katon wan

Ekzèsis #1

M'Palem' ekri kreyòl janm vle

Zanmi sa-w pat vle ya li rive. Selifèt tou fèt. M'roule lang mwen janm vle lan li kreyòl la. Mwen niche tèt kreyon-m jan-m vle lan ekri kreyòl la. M'kale dada-m jan-m vle lan kreyòl. Zafè moun ki vle rete avèg. Eske se blan franse m ye poum blije pale franse tout jounen. Kreyòl se lang nou. Se li, manman-m ak papa-m te pale ak mwen depi-m fenk fèt. Se li m'pale pi byen. Pi gwo pwoblèm mwen se li mwen pat kali-l ak ekri-l. Konnye ya lekòl lage. Diplòm kreyòl mwen lan pòch dèyè-m. Prezidan Preval pase lòd pou tout papye lan biwo leta ekri an kreyòl tou. Pasem yon kout tafya pou tèt sa.

Anmwe ! Gadon peyi ! Kounye ya se pwoblèm travay la mwen ta anvi yo rezoud ou kwè yo pa ta banm yon ti djob ?

- Gade mon chè, daprèw, wou gentan save ! Wou sanlè al mete moun deyò lan

biwo leta pou pran plas yo. Kreyòl la se yon zouti ke yo mete lan menw pou ekri lèt, li jounal, aprann yon metye. Men fòk yo ekri liv an kreyòl pou tout metye tankou : doktè, enfimyè, enjenyè, mekanisyen, enfòmatis, plonbye, avoka, fonde pouvwa, dantis, tayè, ebenis, fè fòje, elektrisyen , koutiryè, boulanje, elektwonik elatriye.

- Manti ! Ou vle dim ke mwen ka aprann metye sa a yo tou. Ala ta yon bèl bagay ! Men jouk mwen mouri mwen'pa kwè map janm wè yon bagay konsa, paske gen moun ki pa ta bezwen pèp la avanse. Se sak fè yap goumen pou yo kenbe pale franse ya, pou anba pa monte anwo pa desann sou chwal papa a

- Mon chè bay bouch ou de kalòt tande ! Se pa politik mwen vini fè la a. Wou gen anpil lòt bagay ankò pou aprann lan kreyòl la pou ka manje. Men fòk Leta mache prese pou li fè Akademi Kreyòl la, ki va gen pou misyon poul :

1.- rekonèt mo ak kreye lòt mo ekri ou byen tradwi an kreyòl mo ki fenk parèt

2.- ekri liv ke nou va gen bezwen pou tout kalite metye. Konsa nou pap bezwen achte liv. Se pan yap ye.

- M'te kwè se sa tout lòt peyi fè. Gade kijan Lachin fè yon sèl leve kanpe.

- Hey, reveyew, e kòm si m' tande-w di Gouvènman, se lan rèv ou ye ? Si se pou sa nou fenk kare tan-n. Menm yon Premye minis se yon pakèt chire pit pou yo nonmen-l alewè pou lekòl metye ak devlopman.

- Antouka labouyi cho, se akote ou manjel, pa tikiyè. Nan 4 leson nou li ak ekri kreyòl. Lekòl lage.

Ekzèsis # 2

Resèt pou touye founi fou
Jean Erich René

Tout moun lan Mowon, Mafran tou pre vil Jeremi lan Depatman Grandans lan ap rele anmwe, anmwe, ki kote founi sa-a yo soti ! Se yon pichon madichon ki tonbe sou peyi ya. Yon pil ak yon pakèt founi ap mache devore pye bwa tankou pye palmis, pye mayi, kann, kokoye, kakawo elatriye. Lè yo pase yon kote yo pa kite anyen dèyè. Se yon kolonn founi fou tou blanch kap mache fè dega. Peyizan yo pa konnen sa pou yo fè ak li lan la Krèp tou pre Mowon. Yo manje menm zannimo, kabrit, bèf, poul elatriye.
Dapre sa yon peyizans ke yo rele Nazè Diksonn di : founi yo la depi 13 mwa.

Se lan tè mouye yo fè nich yo. Yo kale yon pakèt ti vè tou blanch. Wa konprann ke se yon dra blanch ke yo tann a tè ya. Daprè Ministè Agrikilti gen 60.000 karo tè ke founi sa-a yo pouri deja lan Nò : Plezans, Lenbe, Pilat. Lan Latibonit: Gwo Mòn. Minis Agrililti ya gen 57 milyon goud lan menl pou sa, li pa fè anyen. Gen plizyè ensektisid ki ka touye yo tankou :

- tetraborat déka-idrat sodyum
- silfiramid
- metoprèn fenoksikab

Men ensektisid sa-a yo koute chè anpil. Pa janm gen pèn san sekou. Dapre rechèch ke mwen fè si yo fwote fey labsent lan dlo epi yo aroze bit founi yo ou byen tè ya, nou ka gen yon souf ak founi fou sa-a yo. Yo relel : Absent ou byen labsent, labsent mawon, bale anmè, zèbapyan

Tanpri souple youn di lòt pou nou kwape bann founi fou sa a yo kap delala jaden nou yo.

Ekzèsis # 3

- Bravo ! Viv lekòl pou tout moun. Viv metye pou tout moun. Viv lavi pou tout moun. Viv lapè pou tout moun. Viv lasante pou tout moun. Viv manje pou tout moun. Viv travay pou tout moun.

- Aba prejije lang. Aba lavi chè. Aba grangou. Aba lamizè. Aba lenjistis. Aba pan kouran. Aba kidnapè. Aba visye. Aba volè. Aba kidnapè, pwofitè.

Tout moun se elèv. Tout moun se pwofesè. Tout moun ap aprann ekri ak li kreyòl fen. Chak moun ap montre yon lòt moun ekri kreyòl. Men prensip pou nou swiv :

- nanpwen lèt ki bèbè sètadi, ki initil

- chak lèt rete nan wòl yo,

- tout son ekri menm jan,

- Tout vèb rete rèd

Egzèsis # 4

Anvanm ale, an nou li yon ti chante Koupe Kloure

Kouchi, kouchi, kouchi, koucha

Vin tande yon bèl pawòl

Lè Ayisyen pale kreyòl
Yo di kel pat al lekòl

Kouchi, kouchi, kouchi, koucha
Vin tande yon bèl pawòl
Lèw tandel pale franse
Yo di ke la pe ranse
Lèw tande pale laten
Yo di ke lap fè tenten

Ristokoum patakoum
Pale laten
Yo te kyero el
Pale panyòl
May daling Ay lòv you
Pale angle
Anjèl wap met men
Pale kreyòl

Kouchi, koucha
Kouchi, koucha
Konsa, konsa
Kouchi, koucha
Konsa, konsa

Atansyon
Mwen di tout moun orevwa. Nou diplôme lan li ak ekri kreyòl
M'pa regrèt nou
Babay

Si nou vle vini pi fò :
Klike sou Sit entènèt: <http://www.kreyol.org/aprannk.htm>
Imel : reka@kreyol.org
Se la mwen kopye twaka pawòl mwen di nou la-a yo ak règ gramè kreyòl yo

AYIBOBO pou tout manb REKA